



REJIS PAPA ADOPTIF NAN FLORIDA DEKLARASYON PATÈNITE

LI BYEN enfòmasyon ki sou do fòm sa a. **TANPRI TAPE OSWA EKRI KLÈ AN LÈT DETACHE.**

Pati 1 ENFÒMASYON SOU PAPA ADOPTIF LA (MOUN KI ANREJISTRE A) POU YO ENKLI NAN REJIS PAPA ADOPTIF LA

NON KONPLÈ PAPA A	PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI AK SIFIKS	DAT NESANS
ADRÈS KOTE LI RETE (RI AK APATMAN)		VIL	ETA	ZIP KÒD
LÒT ADRÈS (AK APATMAN), SI SA APLIKAB		VIL	ETA	ZIP KÒD
TELEFÒN LAJOUNEN (AK TOUT AREYA KÒD)		NIMEWO SELILÈ	FAKS	
DESKRIPSYON FIZIK PAPA-A				

Pati 2 ENFÒMASYON SOU KONSEPSYON AN

DAT KONSEPSYON AN (MWA, JOU, ANE)	KOTE KONSEPSYON AN TE FÈT (Enkli, anplis de lòt bagay, vil ak eta a)
-----------------------------------	--

Pati 3 DEZIYASYON AJAN/REPREZANTAN Pou yo fè w konnen lè yon adopsyon pral fèt, ou DWE bay adrès ou. Adrès sa a pa kapab yon bwat postal. Si ou vle, ou gen dwa deziyen yon lòt moun kòm ajan oswa reprezantan pou resevwa notifikasyon sou zafè pwosede tèminezon dwa paran, epi/oswa adopsyon, pou sa ki konsène manman ak timoun ki sou fòm sa a. Ajan oswa reprezantan sa a DWE siyen akseptasyon deziyasyon ki anba a pou li kapab resevwa notifikasyon oswa sèvis pwosesis.

NON KONPLÈ AJAN OSWA REPREZANTAN AN AN LÈT DETACHE	PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS
ADRÈS KOTE LI RETE (RI AK APATMAN)		VIL	ETA	ZIP KÒD
SIYATI AJAN AN OSWA REPREZANTAN AN				
TELEFÒN LAJOUNEN (AK TOUT AREYA KÒD)		NIMEWO SELILÈ	FAKS	

Pati 4 ENFÒMASYON SOU MANMAN AN (Si ou pa konnen dat nesans lan, bay aprepre laj manman an)

NON KONPLÈ MANMAN AN	PRENON	DEZYÈM PRENON	NON JENN FI, SI OU KONEN LI, OSWA NON FANMI LEGAL	DAT NESANS
ADRÈS KOTE LI RETE (RI AK APATMAN)		VIL	ETA	ZIP KÒD
DESKRIPSYON FIZIK MANMAN AN				

Pati 5 ENFÒMASYON SOU TIMOUN NAN (Si ou pa konnen dat nesans ekzak la, bay yon estimasyon dat la OSWA dat ou panse akouchman an pral fèt si timoun nan poko fèt).

NON KONPLÈ TIMOUN NAN	PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI AK SIFIKS	SÈKS
DAT NESANS	VIL KOTE TIMOUN NAN FÈT	KONTE KOTE TIMOUN NAN FÈT	ETA KOTE TIMOUN NAN FÈT	

FRÈ POU RANPLI EPI METE DEKLARASYON PATÈNITE A NAN REJIS PAPA ADOPTIF NAN FLORIDA
Ou dwe voye chèk oswa "money order" a bay [Vital Statistics](http://www.vitalstatistics.com) an dola ameriken (PA VOYE LAJAN KACH)

REKONESANS PAPA ADOPTIF LA

Bay enfòmasyon ki pa vre pou fè sa ki pa sa se yon krim twazyèm degre ki pini selon tèm ak kondisyon Eitati Florid yo

<p><i>Mwen sèman, selon sa mwen konnen ak sa mwen kwè, mwen se papa biyolojik timoun mwen nonnen anè a epi mwen dakò pou pase tès ADN, si yo mande mwen, jan lalwa di a. Mwen konprann y ap antre enfòmasyon sa a nan Rejis Papa adoptif Florid la epi lè mwen fè deklarasyon patènite sa a mwen konfime volonte ak entansyon mwen genyen pou bay timoun mwen nonnen anè a sipò jan lalwa mande li a.</i></p> <p>_____</p> <p style="text-align: center;">NON PAPA ADOPTIF LA AN LÈT DETACHE</p> <p>_____</p> <p style="text-align: center;">SIYATI PAPA ADOPTIF LA</p> <p>Eta _____ Konte _____</p> <p>Anrejistre epi sèman devan mwen _____, 20 _____</p> <p>_____</p> <p style="text-align: center;">NON NOTÈ A AN LÈT DETACHE</p> <p>_____</p> <p style="text-align: center;">SIYATI NOTÈ A</p>	<p><input type="checkbox"/> Yo konnen li pèsònèlman oswa <input type="checkbox"/> Li bay yon pyès idantite</p> <hr/> <p style="text-align: center;">Tip pyès idantite li bay la</p> <hr/> <p style="text-align: center;">(Mete so Notè a la)</p>
---	---

**ENFÒMASYON ENPÒTAN KI KONSÈNE
REJIS PAPA ADOPTIF FLORID LA – DEKLARASYON PATÈNITE**

ORIJIN AK BI Seksyon 63.054 Eitati Laflorid te mete sou pye Rejis Papa Adoptif Laflorid la nan Biwo Estatistik Vital (OVS) Depatman Sante Nan Florida (DOH). Bi rejis sa a se pèmèt yon nèg ki deklare li se papa biyolojik yon timoun pou li afime patènite li, san sa pa depann de manman an, epi prezève dwa li antan paran. Rejis sa a kapab tou akselere adopsyon timoun lè papa pa vle pran responsabilite yo. Nan kad dispozisyon sa a, “rejistran” (moun ki anrejistre a) vle di “papa biyolojik ki pa marye”. Enfòmasyon nou bay la pa ranplase konsèy legal. Si yon papa biyolojik ki pa marye pa fè sa ki posib pou etabli yon relasyon ak pitit li, li gen dwa pèdi tout dwa li genyen antan paran, oswa pifò ladan yo, si li pa pran mezi legal byen vit pou montre enterè li nan timoun nan. Chapit 63 Eitati Laflorid jere zafè adopsyon nan Florida.
Vizite: <http://www.leg.state.fl.us/statutes/index.cfm>

Yo sipoze yon nèg se papa biyolojik la si:

- Yo te konsevwa minè a oswa minè a te fèt pandan papa a te marye ak manman an;
- Minè a se pitit li pa adopsyon;
- Dapre jijman tribinal la pase li se papa minè a koumanse apati dat petisyon an te ranpli pou siapann dwa parantal yo
- Li te ranpli yon deklarasyon patènite sou sèman kote li te rekonèt li se papa timoun nan ansanm ak manman an nan lopital la lè timoun nan te fèt oswa li te siyen yon rekonesans patènite ansanm ak manman an bò kote Biwo Leta Estatistik Vital la; toude dokiman sa yo konstitye etablisman patènite jan seksyon 742.10 Eitati Florid yo. Règleman etabli koumanse apati dat petisyon an te ranpli pou siapann dwa parantal yo.

Enfòmasyon nou bay la pa ranplase konsèy legal. Keksyon sou patènite, sipozisyon patènite, oswa dwa ak responsabilite yon paran, dwe al jwenn yon avoka.

ENFÒMASYON POU RANPLI FÒM DEKLARASYON PATÈNITE A – Tape oswa ekri klèman an lèt detache. Fòm sa a **DWE** siyen sou sèman.

- Tout enfòmasyon nan Pati 1 ki konsène papa a obligatwa. Pa kite ankenn nan espas yo vid.
- Ranpli Pati 2, 4 ak 5 jan ou kapab. Si ou pa konnen youn nan bagay yo, kite espas la vid. Non timoun nan, dat nesans li, kote li fèt, ak non jènfi manman an enpòtan anpil pou fè yon koneksyon ant Deklarasyon Patènite a ak timoun ki konsène a. Toutotan enfòmasyon ou bay la pi konplè, se toutotan rejis patènite a ap pi efikas. Si ou pa konn non jenn fi manman an men ou konn non fanmi legal li, tanpri bay non fanmi legal la epi presize non ou bay la se non fanmi legal la. Si ou deziyen yon ajan/reprezantan pou ajè onon w, ajan oswa reprezantan sa a DWE siyen yon akseptasyon deziyasyon alekri, pou yo kapab resevwa notifikasyon oswa pwosesi sèvis la.
- Ou dwe siyen Deklarasyon Patènite a nenpòt kilè anvan nesans la MEN ou pa ka siyen deklarasyon patènite a apre dat yo siyen yon petisyon pou anile dwa parantal yo.
- Lè li siyen deklarasyon patènite sa a, rejistran an bay konsantman li pou li sibi yon tès ADN lè youn nan pati yo, rejistran an oswa antite adopsyon an mande li, pou sa ki konsène timoun yo mansyone nan deklarasyon patènite a.
- Rejistran an gen dwa, nenpòt kilè anvan nesans timoun li deklare ki se pitit li a, anile deklarasyon patènite li a devan yon notè, epi lè li siyen anilasyon sa a, deklarasyon patènite a pa p valid ankò. Yon fòm Mizajou Deklarasyon Patènite disponib pou sa.
- Si tribinal deklare rejistran an se pa papa minè a, tribinal la gen dwa bay depatman an lòd pou retire non rejistran an nan rejis la.
- Se obligasyon rejistran an, oswa ajan li oswa reprezantan li, pou li bay notifikasyon epi mete ajou enfòmasyon ki nan rejis OVS la si gen chanjman nan yon adrès oswa chanjman nan deziyasyon yon ajan oswa yon reprezantan. Yon fòm Mizajou Deklarasyon Patènite disponib pou sa.
- OVS ap avèti rejistran an, alekri, lè li resevwa yon Deklarasyon Patènite OSWA yon Anilasyon li siyen sou yon fòm Mizajou Deklarasyon Patènite.
- Dapre s. 63.541 Eitati Florid, enfòmasyon ki nan rejis la konfidansyèl epi se moun sila yo sèlman ki gen dwa jwenn li:
 - a) Yon antite adopsyon ki an rapò ak planifikasyon adopsyon yon timoun.
 - b) Papa biyolojik ki pa marye a, apre li resevwa yon demann notarye.
 - c) Manman grenn vant lan, osito li resevwa demann notarye pou yon kopi rekòd ki idantifye l kòm vrè manman an.
 - d) Tribinal, apre li fin bay yon lòd ki konsène yon moun ki fè yon petisyon epi k ap ajè “pro se” nan yon aksyon nan chapit sa a.
- Lwa Florid egzije yon frè \$9 pou siyen epi ajoute yon deklarasyon patènite nan rejis la. Tanpri ekri yon chèk oswa “money order” bay Estatistik Vital. PA VOYE LAJAN KACH. Lwa Florid mande \$15 kòm frè sèvis anplis pou chèk yo pa onore.

Voye Deklarasyon Patènite a pa lapòs ak peman ou bay VITAL STATISTICS, P.O. BOX 210, Jacksonville, FL 32231 0042

Vizite Sit Entènèt nou an ki se: http://www.doh.state.fl.us/planning_eval/vital_statistics/Putative.htm

POU BIWO ESTATISTIK VITAL YO SÈLMAN

NON TIMOUN NAN	PRENON	DEZYÈM PRENON	NON FANMI	SIFIKS
DAT NESANS (MM/JJ/AAAA)	NIMEWO DOSYE LETA	<input type="checkbox"/> Avètisman Akseptasyon Anrejistreman voye bay rejistran an ak dat nou voye li a: <input type="checkbox"/> Dat nou resevwa anilasyon an: <input type="checkbox"/> Avètisman Akseptasyon Anilasyon voye bay rejistran an ak dat nou voye li a: <input type="checkbox"/> Avètisman Anilasyon Dwa Paran – Dat nou resevwa li a:		